



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 18/7/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE KONSEPSYON POU JAN YO REANVIZAJE MACHIN METWO MTA A YO AK DETAY PLAN ANBISYE YO GENYEN POU AMELYORE ESTASYON SOUTEREN TREN YO

Plan ap ajoute 1,025 machin metwo, kote anviwon 750 ladan yo ap gen konsepsyon “pòt dèye ki ouvè” yo, kèk karakteristik nouvo pou redui tan datant epi ogmante kapasite

Devwale eleman achitekti kle yo pou renovasyon 31 nan estasyon tren atravè Zòn Metwo-New York la; Demann pou pwopozisyon pou twa premye estasyon yo ap pibliye apati de semèn sa a

Ou ka jwenn reprezantasyon depwent ki gen rezolisyon maksimòm ki montre machin metwo ak estasyon souteren tren an yo [isit](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo revele jodi a karakteristik konsepsyon plan pou 1,025 nouvo machin metwo yo reanvizaje yo – ki gen ladan l amelyorasyon ki enpòtan nan deyò tankou anndan machin regilye a yo, pòt ki pi laj, an plis de ozanviwon 750 machin pèsonalize ki gen “pòt dèye ki ouvè” ki pral redui tan datant epi ogmante kapasite. Gouvènè a bay apès eleman kle sa yo k ap enkli nan renovasyon 31 estasyon atravè zòn metwopolitèn New York la, epi li te anonse ke yo pral pibliye semèn sa a premye nan plizyè demann pou pwopozisyon yo. MTA ap itilize kontra konsepsyon-konstriksyon pou akselere pwosesis la epi asire delè ki pi kout pou pwojè a fini. Envèstisman enpòtan sa yo fè pati de pwogram kapital MTA a ki koute 27 milyon dola, pou senk ane pou renouvle epi elaji rezo MTA a. Gouvènè Cuomo te revele konsepsyon plan anbisye sa a nan mize transpò ki nan Brooklyn nan.

Gouvènè Cuomo te di: “New York merite yon rezo transpò ki gen kalib mondyal, diy de wòl li kòm batman kè ekonomi 21^{nyèm} syèk la.” “Ekip ki ap fè konsepsyon plan MTA a devlope yon reyimajinasyon vanyan e vizyonè ki tipik pou eksperyans pasaje tren yo, kote yo enkòpore meyè pratik nan sistèm transpò mondyal la yo, epi konsantre sou misyon prensipal nou an ki se renouvle, amelyore ak elaji. Nou pral fè plis pase restore – nou ap pote estasyon tren yo nan yon nivo ki pi wo pase jan yo te ye anvan, epi nouvo vizyon pou machin metwo yo pral ogmante kapasite epi redui ankonbreman twòp moun ak reta. Mwen fè MTA a konpliman paske yo panse yon fason kreyatif epi yo travay avèk kalite pasyon ak ijans li mande pou avanse Eta sa a pi devan.”

Prezidan ak PDG MTA a Thomas F. Prendergast te di: “Gouvènè a te bay MTA yon manda pou aplike konsepsyon nouvo, ki gen kalib mondyal sa yo byen vit ke posib pou tout nouvo machin metwo yo epi se sa ou ap wè ki ap fèt jòdi a – inovasyon k ap rann lavi tout

Nouyòkè k ap fè trajè pi fasil.” “Makonnen ak nouvo metòd pou redevlope estasyon nou yo sou direksyon Gouvènè a, kliyan yo pral wè nou rantre, nou fè sa n gen pou n fè, epi remèt yo estasyon nouvo ki amelyore yo nan fason ki pi efikas ki posib.”

Machin metwo ki reanvizaje ak amelyore yo

Nan fen semèn sa a, MTA ap pibliye yon RFP (Demann pou pwopozisyon) pou konstriksyon 1,025 nouvo machin metwo sa yo, ki pral mete an evidans ke delè konsepsyon an ak pwodiksyon, ansanm ak rantablite pwojè a pral faktè santral nan atribisyon kontra a.

RFP a pral mete aksan tou sou nesosite pou respekte direktiv plan konsepsyon MTA a yo, ki te etabli aprè revizyon meyè pratik nan yon bann gwo zòn metwopolitèn atravè lemond, epi nou te idantifye plizyè eleman kle nou ka itilize nan sistèm New York la, ki genyen ladan yo:

- **Konsepsyon machin ki gen pòt dèyè ki ouvè:** MTA prevwa nan 1,025 nouvo machin lan yo, pral gen anviwon 750 ladan yo ki pral gen konsepsyon machin ki gen pòt dèyè ki ouvè. konsepsyon machin ki gen pòt dèyè ki ouvè a ap ranplase pòt ki sitye ant machin yo, epi yo ap mete yon konektè ki sanble ak yon akòdeyon pou kapab fè l pi long, ouvri plis espas, ki pèmèt pou plis mouvman sikilasyon pasaje yo epi nan konsa yo ka tou ogmante kapasite. Machin sa yo vin tounen yon estanda entènasyonal: a Lond 31pousan nan machin yo pral machin ki gen pòt dèyè ki ouvè nan fen ane a, a Pari nimewo sa monte a 37 pousan, epi a Toronto li a 56 pousan.
- **Pòt ki pi laj yo:** Lajè pòt nan nouvo machin yo pral elaji soti nan standa aktyèl MTA a ki se 50 pous pou vin 58 pous . Pòt manchin metwo ki pi laj yo kapab redui reta lè yo pèmèt kliyan pou antre sòti pi rapid, epi yo tout vin tounen yon estanda entènasyonal. Selon yon similasyon nan òdinatè sou sikilasyon pasaje ki te fèt sou non MTA, nan senaryo ki gen anpil moun yo, pòt ki pi laj yo ka redui “tan darè” tren nan estasyon an a 32 pousan.
- **Ekipman ak sekirite kliyan yo:** Anndan nouvo machin yo ap genyen anpil nouvo ekipman tou, tankou WiFi, pòt chajè USB, safichaj enfòmasyon kliyan sou ekran dijital epi an koulè, piblisite dijital, ekleraj nan ouvèti pòt yo, avètisman ak kamera sekirite pou ankouraje sekirite pasaje yo.
- **Aparans Ekstèn yo:** Eleman konsepsyon aparans ekstèn nouvo machin metwo a yo gen ladan yo yon nouvo devan ki genyen fenèt laj, limyè devan yo ap LED, epi ap gen yon bann ble ki gen aksan lò sou kote a yo.

Estasyon tren souteren amelyore yo

Anons lan mete aksan sou eleman kle inisyativ Gouvènè a pou kreye yon nouvo estanda amelyore pou estasyon tren souteren yo, epi antreprann renovasyon apwofondi nan 31 estasyon atravè toulesenk katye yo. 31 estasyon sa yo ki gen nan pwogram lan ap mize sou yon pi gwo kanpay, ki fèt pou amelyore eksperyans kliyan yo, epi ki gen ladan l konpozan ak renouvèlman travay nan plis pase 170 lòt estasyon. Eleman konsepsyon yo genyen ladan yo:

- Amelyore ekleraj atravè estasyon yo;
- Amelyore pankat siyal yo pou rann li pi fasil pou kliyan navige estasyon yo, ki enkli enfòmasyon mizajou dijital, an tan reyèl sou pèfòmans ponktyalite nan antre metwo a yo, anvan menm kliyan rantre nan estasyon an;
- Enklizyon ekipman yo, tankou revèy kontarebou, amelyore sèvis siyal pou selilè, WiFi ak nouvo atizay; epi
- Renovasyon yo pral konsidere eritaj achitektiral chak estasyon yo tou, epi yo ap rete sansib konsènan eleman istorik yo lè estasyon yo ap sibi restriktirasyon an.

Eleman kle pou chak tip estasyon genyen ladan yo:

ANLÈ	PLATFÒM AKOTE	PLATFÒM SANTRAL
Paviyon sou antre lari a ak totèm	Paviyon sou antre lari a ak totèm	Paviyon sou antre lari a ak totèm
Tablobòd pou zòn kontwòl	Tablobòd pou zòn kontwòl	Tablobòd pou zòn kontwòl
Ekran laj transparan	Ètalaj tarif an glas ou an file	Ètalaj tarif an glas ou an filè
Aparèy ekleraj LED toupatou	Aparèy ekleraj LED toupatou	Aparèy ekleraj LED toupatou
Mèb ki ak tout estasyon chajè yo	Mèb ki ak tout estasyon chajè yo	Mèb ki ak tout estasyon chajè yo
Atizay kontanporen	Atizay kontanporen	Atizay kontanporen

RFP pou twa premye estasyon nan 31 estasyon ki fè pati pwogram renovasyon an yo

MTA pral pibliye yon RFP pou premye pakè twa estasyon ki sitiye nan Brooklyn nan fen semèn sa a:

- Estasyon ki nan Prospect Avenue an
- Estasyon ki nan 53rd Street la
- Estasyon ki nan Bay Bridge Avenue an

RFP pou rès ki rete nan 31 estasyon yo gen pou yo pibliye nan douz mwa k ap vini yo, epi yo pral distribye yo atravè senk katye yo. Yo espere akòde premye kontra anotòn. Estasyon yo pral fèmen pou yon peryòd limite ki pral dire sis mwa.

Kontra konsepsyon-konstriksyon yo

Daprè direksyon Gouvènè a, MTA ap itilize kontra konsepsyon-konstriksyon yo pou tout 31 estasyon yo. Kontra konsepsyon-konstriksyon yo mande pou yon sèl ekip responsab pou konsepsyon ansanm ak konstriksyon yon pwojè tout antye pou nou asire koòdinasyon san pwoblèm epi pou travay la ka konplete nan delè ki pi kout ki posib la.

Prezidan Transpò Piblik NYC a , Veronique Hakim (Ronnie) te di, “ak kontra konsepsyon-konstriksyon yo, yon ekip responsab pou konsepsyon ansanm ak konstriksyon estasyon an. Nan pèspektiv konstriksyon an, sa vle di ap gen yon koneksyon san pwoblèm ant plizyè etap yon pwojè genyen, epi sa ap pèmèt kontraktè yo limite malantandi, ki pral rann pwojè a fini pi rapid. Nan pèspektiv kliyan nou yo, sa vle di yo ap jwenn yon estasyon ki renove konplètman, ki pi eklere, ki pi bon, epi ki pi fonksyonèl nan delè ki pi kout ki posib la.”

Konsiltan Konsepsyon yo

MTA te travay avèk konsiltan konsepsyon ki eksepsyonèl ki gen renomen mondyal, ki genyen ekspètiz sou konsepsyon entènasyonal apwofondi nan enstalasyon tren ak transpò piblik, pou nouvo materyèl roulan ak amelyorasyon estasyon yo. Konseptè en chef la, Antenna Design, ak jeni konsiltan CH2M, te kreye nouvo konsepsyon machin metwo yo. Konseptè en chef yo, Grimshaw Architectes, ak Arup, manadyè pwogram yo – tou de gen biwo a Lond ak nan New York – yo anchaj inisyativ estasyon yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418